

Naskah Pintonan Sisindiran

(Miéling Kamerdékaan)

Para pamaén, awéwé jeung lalaki, arasup ka pakalangan bari ngaribing, dipirig ku musik. Sanggeus nguriling pakalangan, terus ngajajar nyanghareup ka nu lalajo bari angger ngibing. Ngong sisindiran, dikawihkeun:

*Yu batur urang ka Bandung
Nguriling jalan Cisokan
Yu batur yrang ngariung
Miéling kamerdékaan*

*Nguriling jalan Cisokan
Henteu kudu ka tanjakan
Miéling kamerdékaan
Henteu kudu bébéakan*

*Nguriling jalan Cisokan
Meuli dagé ditiiran
Miéling kamerdékaan
Mending ogé sisindiran*

*Ka Bandung ka Panyingkiran
Meuli kadu di Cihapit
Ngariung jeung sisindiran
Henteu kudu make duit*

Para pamaén dariuk hareupeun nayaga, nyanghareup kanu lalajo, iwal Mojang I jeung Jajaka I.

Jajaka I : Aya naon cenah Néng, urang téh make kudu ngariung di dieu?
Mojang I : Kapan bade sisindiran dina raraga miéling kamerdékaan. Meungpeung haratis Kang!
Jajaka I: Haratis kumaha ?
Mojang I : Kapan cenah ceuk tadi ogé:

*Nguriling jalan Cisokan
Meuli kadu ka Cihapit
Miéling ka merdékaan
Henteu kudu make duit*

Jajaka I: Ah téori, buktosna mah:

*Nguriling jalan Cisokan
Mawa kérsen ka Limbangan
Miéling kamerdékaan
Matak bosen ku sumbangan*

Atuda Néng nu nyandak proposal ngéngélék sirkulir, mani rabul teu sirikna unggal usik.

Mojang I : Sataun sakali Kang, da teu unggal waktos ieu. Étang-étang partisipasi wé éta mah. Dangukeun geura Kang!

*Ka Limbangan ka Ciéla
Ngala soka jeung kanyéré
Sumbangan gé suka réla
Mun teu suka ulah mere*

Jajaka I : Sanés teu suka, ari aya mah piraku teu nyumbang atuh. Ngan kieu Néng:

*Paribasa ka Ciéla
Mawa karung reujeung kisa
Paribasa sukaréla
Bari dibarung ku maksa*

Mojang I : Saha anu maksa ?
Jajaka I : Ah aya wé...!
Mojang I : Abdi ?
Jajaka I : Ih sanés, ka enéng mah teu kedah dipaksa, ieu mah oknum tertentu.
Mojang I : Padahal abdi ogé teu kedah dipaksa.
Jajaka I : Ah nu leres...?
Mojang I : Tos kang ah bilih kateterasan.
Mangga atuh, da seueur kénéh bujengeun ieu téh.
Jajaka I : Na badé kamana Néng ?
Mojang I : Kapan badé nyuhunkeun sumbangan.
Jajaka I : Kénging ngiring? Akang ogé da butuh kénéh ku sumbangan mah.
Mojang I : Mangga.

Mojang I indit, dituturkeun ku Jajaka I. Sup Mojang II ka pakalangan.

Mojang II : (Ka nayaga) Barudak manggih Kang Oji henteu ?
Nayaga I : Kang Oji mana ?
Mojang II : Kang Oji urang Babakan, jangjina mah rék ngadagoan di dieu.
Nayaga II : Tadi téh sareng istri Ceu, duka bade ka mana.
Mojang II : Jeung awéwé?
Nayaga II : Sumuhun.
Mojang II : Leuh ku teungteuingeun Kang Oji mah!

*Kakara jadi boboko
Ayeuna ditiir deui
Kakara jadi kabogoh
Ayeuna geus jalir deui*

Mojang II alum. Sup Jajaka II jeung Jajaka III.

Jajaka II : Aya mojang euy, urang deukeutan yu..!
Jajaka III : Hayu, tapi ké lanan! Naha geuning siga nu alum? (Ka nayaga) Ku naon cenah Jang ?
Nayaga I : Biasa wé Kang budak ngora.

*Meuncit meri dina rakit
Boboko wadah bakatul
Lain nyeri ku panyakit
Kabogoh direbut batur*

Jajaka III : Oh kitu, leungiteun ku boboko mah ubarna ku boboko deui.
Jajaka II : Néng !
Jajaka III : Néng !

Mojang II teu némbalan, kalah ka ngajanggilek.

Jajaka II : Nu atos mah atos wé atuh, Néng, mending muka lembaran anyar jeung akang.

*Mawa beubeur ka Cirateun
Kungkang naék kana tihang
Nu heubeul geura tinggalkeun
Akang daék ngagantian*

Jajaka III : Entong daék ka si Akang éta, Néng, nu atos-atos gé bangkar.

*Tongérét naékan kina
Paheula-heula jeung marmot
Entong daék ka manéhna
Nu ti heula ogé maot*

Jajaka II : Wah, isu éta mah Néng, mangkaning ayeuna téa jaman loba isu. Tong dipercanten.

Mojang II : Atos, baribin !

*Kaliki teu baruahan
Loba daun jeung barolong
Lalaki teu aruyahan
Loba catur gedé bohong*

Jajaka II : Saha anu gedé bohong ?

Mojang II : Lalaki !

Jajaka II : Ulah disakompét daunkeun atuh, da henteu sakabéh lalaki kitu. Contona Akang.

Mojang II : Atos ah réhé!

Mojang II indit ngajengkat.

Jajaka II : Itu geura si Enéng!

Torojol Mojang III, Jajaka II jeung Jajaka III merhatikeun nu anyar datang.

Jajaka III : Badé angkat ka mana, Néng?

Mojang III : Apan bade ka bale désa, bade myelin kamerdékaan. Panitia abdi téh Kang!

Jajaka III : Baruk Enéng téh panitia? Kénging upami Akang duaan ngiringan?

Mojang III : Ih, mangga baé, Kang. Naming aya saratna!

Jajaka III : Cing, cing, cing, kumaha saratna téh?

Mojang III : Kieu Kang :

*Goréng hayam dipiringan
Kulub sampeu jeung bajigur
Mun Akang bade ngiringan
Kudu guyub sareng batur*

Jajaka II : Batur digawé, milu digawé, batur mere sumbangan, milu mere sumbangan. Batur ngiridit motor, milu ngiridit motor, batur mabok milu mabok, batur ngadahar pék éktasi, milu ngadahar pék éktasi.

Mojang III : Nu kitu mah sanés guyub atuh Kang, tapi kabawa ku sakaba-kaba.

Jajaka III : Leres Néng, kabawa ku sakaba-kaba, teu saé nu kitu mah nya, Néng?

Mojang III : Leres Kang.

Jajaka III : Urang kudu guyub, tapi ulah dina kagoréngan.

*Mawa hui meunang ngulub
Ka kulah mawa goréngan
Urang hirup kudu guyub
Ulah dina kagoréngan*

Jajaka II : Jadi guyub ogé ari dina kagoréngan mah ulah, nya?
Mojang III : Ulah, margi teu saé, disebatna téh élmu sapi. Komo upami disarengan gédég mah.
Dangukeun Kang;

*Nguriling jalan Cisokan
Ulah bari dahar emping
Miéling kamerdékaan
Ulah dibarengan triping*

Jajaka III : Aduh, éta si Enéng, apal kana triping sagala.
Jajaka II : Triping téh anu siga sakalor téa, Kang? Siga nu boga kasakit saraf geuning, sirahna unggut-unggutan. Pangaruh péل éktasi nya Kang?
Jajaka III : Enya, Ceu lin lah !
Jajaka II : Abdi ogé kungsi nénjo anu kitu mah.

*Nénjo tangkal sisi lamping
Tangkal cau tangkal kélor
Nénjo jalma nu keur triping
Kawas anu keur sakalor*

Mojang III : Anu jelas mah bahaya, Kang, ngaruksak kana kaséhatan. Mangga atuh, Kang, bilih wengi teuing ieu téh, diantosan ku Pa Camat.
Jajaka III : Sareng wé atuh, Akang ogé bade ka ditu.

**Mojang III, Jajaka II, jeung Jajaka III kaluar tina pakalangan. Dariuk dina urutna, hareupeun Nayaga.
Sup Jajaka IV, caritana keur Triping, dipirig ku musik house (ku gamelan jsb). Ngong sisindiran, dikawihkeun gaya rép (RAP):**

*Tumpak taksi tumpak taksi
Ka Kopo mawa salédri
Pél éktasi péل éktasi
Matak poho kana diri*

*Mawa kina loba-loba
Mawana ka Cipaisan
Mimitina coba-coba
Antukna kateterusan*

Dialokan ku pamaén séjénna, bareng gaya RAP:

*Mawa kéjo dina piring
Dibawana kana sedan
Lamun nénjo nu keur triping
Kawas nénjo anu édan
Daun bako daun jarak
Daun séréh dibeungkeutan
Teu di disko teu di jalan
Sirahna unggut-unggutan*

Torojol Mojang IV.

Mojang IV : Meunggeus, meunggeus! Nanaonan ieu téh? Bet saruana! (ka Jajaka IV).
Manéh deui Kasjul
nanaonan make unggut-unggutan? Kawas kuda kaleuwihan hormon!
Nayaga I : Triping éta téh, Ceu! Kapangaruhan Ceu lin binti inéx alias éktasi.

Mojang IV : Baruk sia the triping, Kasju? Kikitaan wé meureun nya di kota téh, lain sakola anu bener.
Déngékeun ku manéh:

*Ka Cibubur meuli bola
Di Cirata melak bako
Ti lembur niat sakola
Di kota kalah ka disko*

Nayaga II : Leres éta téh, Ceu. Teu sirikna unggal peuting ka diskona téh.
Mojang IV : Kawas nu nyaho baé.
Nayaga II : Apan sareng abdi.
Mojang IV : Si kasebelan! Saruana jeung manéh lamun kitu mah! Cing atuh sing aya euhih-euihna hirup téh, sing karunya ka kolot. Déngékeun Kasju!

*Dayeuh Kolot – Sasaksaat
Ditepungkeun ku jambatan
Banda kolot bararéak
Ari anak balad sétan*

Jajaka IV : Da balad sétan sarupaning tukang mabok, emplay, jeung triping mah.
Mojang IV : Euceu mah bisa ka batur, ari Eceu kamari kunaon unggut-unggutan?
Jajaka IV : Iraha, Kasju?
Mojang IV : Kamari subuh!
Mojang IV : Euceu mah nyeri beuheung, saré teu dibantalan.
Nayaga I : Ari bantalna kamana, Ceu?
Mojang IV : Dipaké ganjel.
Nayaga I : Ganjel naon?
Mojang IV : Ah, sok katutuluyan. (Ka Jajaka IV) minggeus Kasju, balik ka dituh!

Jajaka IV kaluar ti pakalangan bari unggut-unggutan, dipirig musik HOUSE.

Mojang IV : Si nurustunjung!
Hayu ah, Euceu rék balik, bisi peuting teuing.
Nayaga II : Badé kamana atuh, Ceu?
Mojang IV : Apan rék ka disko.
Nayaga II : Teu puguh si Euceu mah, dangukeun, Ceu!
Mojang IV : Kumaha kitu?
Nayaga II : *Melak cikur melak salam
Melak konéng dicarangan
Ka batur mah bisa nyaram
Dilakonan ku sorangan*
Jalma munapéék nu kitu kitu téh, Ceu.

Mojang IV : Sst...tong cékcok, Jang, bisi aya encék macok. Loba nu kitu téh, lain euceu baé. Euceu mah ngan sisindiran, da dina kanyataanana mah....
Nayaga I : Teu jauh ti kitu nya, Ceu.
Mojang IV : Ari taeun téh. Geus ah, bisi peuting teuing.

Sup Jajaka V ka pakalangan.

Jajaka V : Euceu téh leres bade ka disco?
Mojang IV : Naon kitu, Jang?
Jajaka V : Dangukeun, Ceu:

*Geura eureun melak bako
Geura ganti ku saladah
Geura eureunan ka disko
Geura ganti ku ibadah*

Mojang IV : Ah, tadi mah banyol wé Jang, pédah keur sisindiran.
Jajaka V : Aya hiji deui, Ceu

*Lamun sampeu ditigasan
Puring gé rék dituaran
Lamun Euceu rék lalagasan
Kuring gé daék maturan*

Mojang IV : Tah, kieu bangsa urang mah, sok goring tungtungna. Soal éta mah urang
teruskeun di luar
panggung wé nya?
(Ka para pamaén séjén) rék caricing baé di dieu ieu téh? Moal baralik?

Parapamaén : Badé, Ceu!

Mojang IV : Hayu atuh urang baralik.

**Kabéh parapamaé, arasup ka pakalangan, dipirig ku musik (gamelan, jsb). Sanggeus nguriling,
ngong sisindiran dikawihkeun, saréréa:**

*Gunung Guntur gunung Guntur
Jalanna ka peupeuntasan
Amit mundur amit mundur
Wiréh bade parantosan*

*Gunung Guntur gunung Guntur
Jalanna ka Rancamanyar
Amit mundur amit mundur
Da bongan henteu dibayar*

*Saninten buah saninten
Dibawa ka parapatan
Hapunten abdi hapunten
Bilih aya kalepatan*

*Gunung Guntur gunung Guntur
Loba sisimpanganana
Amit mundur amit mundur
Diantos sumbanganana*

*Saninten buah saninten
Ditiiran dahan sampeu
Hapunten abdi hapunten
Sisindiran mung sakieu*

Parapamaén ngahormat ka nu lalajo. TAMAT

